



Pou Piblikasyon Imedya: 24/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 13 NOUVO SIT TÈS NAN ETA A ATRAVÈ NEW YORK NAN KAD OGMANTASYON RESAN NAN KA COVID-19 YO

Sit yo ap ouvri mèkredi 29 desanm -- Nou kapab pran randevou yo [isit la](#) apati lendi

Baze sou anons Gouvènè a ke estasyon tren MTA a yo pral ofri tès Covid-19 apati semèn k ap vini an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 13 nouvo sit tès nan Eta a pou abòde ogmantasyon resan nan ka COVID-19 yo. Sit sa yo vize founi opsyon tès siplemantè nan domèn ki gen gwo bezwen yo atravè Vil New York, Long Island, New York Santral, North Country, Finger Lakes, Mohawk Valley ak rejyon Southern Tier.

"Pou travèse sitiyasyon ogmantasyon ka nan ivè sa a ak pwoteje Nouyòkè yo, nou pral itilize tout zouti ki a dispozisyon nou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan mobilize sit tès yo atravè Eta a, nou pral asire tès yo pi aksesib ak konvenab pou Nouyòkè yo. Nou pral kontinye elaji disponibilite tès yo nan tout kwen nan Eta a, nan evalye kote gen plis kapasite ak sit siplemantè ki nesèsè byento".

Sit yo aktyèlman ap mobilize avèk ouvèti tout lokal ki prevwa nan 29 desanm 2021. Jou ak lè operasyon yo pral varye tou depann de lokal sit la epi yo chak pral ofri tès sou randevou, ansanm ak san randevou. Apre lansman an, tout sit yo pral ofri tès RT-PCR. Tès antijèn rapid ak PCR rapid yo pral disponib tou nan kèk jou apre ouvèti a.

Apati lendi 27 desanm, Nouyòkè yo kapab pran yon randevou pou yon tès COVID-19 nan youn nan lokal sa yo [isit la](#).

Prezidan Egzekitif Laboratwa BioReference, Jon R. Cohen, M.D., te deklare, "Se yon privilèj pou nou travay avèk Gouvènè Hochul pandan l ap kontinye mennen New York atravè faz pandemi COVID-19 la nan yon fason ki efikas. N ap travay avèk dilijans pou ouvri sit sa yo osito posib pou ede bay tès COVID-19 ki pi konvenab ak aksesib pou Nouyòkè yo pandan ogmantasyon san presedan, rapid sa a nan demann tès yo".

Gen yon lis uit nouvo sit tès yo selon rejyon an ki disponib la anba a:

Central New York

Moravia Fire Department
38 Keeler Street
Moravia, NY 13118

Orè Operasyon: Lendi, mèkredi ak vandredi: 10 a.m. - 4 p.m.; Samdi: 9 a.m. - 3 p.m.

Finger Lakes

SUNY Genesee Community College
Albion Campus Center
456 West Avenue
Albion, NY 14411

Orè Operasyon: Lendi - Samdi: 10 a.m. - 7 p.m.

Long Island

IBEW Local 25
370 Motor Parkway
Hauppauge, NY 11788

Orè Operasyon: Lendi - Samdi: 8 a.m. - 6 p.m.

Kennedy Memorial Park
335 Greenwich Street
Hempstead, NY 11550

Orè Operasyon: Lendi - Vandredi 9 a.m. - 7 p.m.; Samdi 9 a.m.-5 p.m.

Mohawk Valley

American Legion Post
86 West Main Street
Milford, NY 13807

Orè Operasyon: Lendi, mèkredi ak vandredi: 8 a.m. - 5 p.m.; Samdi: 8 a.m. - 12 p.m.

New York City

Adam Clayton Powell State Office Building
163 West 125th Street
New York, NY 10027

Orè Operasyon: Lendi - Samdi: 10 a.m. - 6 p.m.

Central Family Life Center
59 Wright Street
Staten Island, NY 10304

Orè Operasyon: Lendi - Samdi: 9 a.m. - 5 p.m.

Concourse Village Community Center
777 Concourse Village East
Bronx, NY 10451

Orè Operasyon: Lendi - Samdi: 9 a.m. - 5 p.m.

Kings Plaza Mall

5100 Kings Plaza
Brooklyn, NY 11234
Orè Operasyon: Lendi - Samdi: 9 a.m. - 6 p.m.

York College Performing Arts Center
94-45 Guy R Brewer Boulevard
Jamaica, NY 11451
Orè Operasyon: Lendi - Samdi: 9 a.m. - 7 p.m.

North Country

Citizens Advocates
324 Creighton Road
Malone, NY 12953
Orè Operasyon: Madi, jedi ak samdi: 10 a.m. - 4 p.m.

Maple Ridge Center
7421 East Road
Lowville, NY 13367
Orè Operasyon: Lendi ak mèkredi: 9 a.m. - 2 p.m.; Vandredi: 9 a.m. - 12:30 p.m.

Southern Tier

Watkins Glen State Park Gift Shop/The Glen Café
1009 North Franklin Street
Watkins Glen, NY 14891
Orè Operasyon: Lendi - Samdi: 10 a.m. - 6 p.m.

N ap planifye sit siplemantè yo atravè Eta a tou, epi enfòmasyon konsènan sit sa yo pral anonse byento. Nouyòkè yo kapab jwenn sit yo toupre yo [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.47